



Glosè

Glosè sa a ki trè fasil ka sèvi kòm yon referans pou kèk nan vokabilè ki pi enpòtan yo, pou kèk fonksyon ak sèten tèm matematik. Plizyè nan definisyon yo vini ak yon ti egzanz kap ede w konprann konsèp ki enpòtan yo


Sou sit entènèt BigIdeasMath.com nan, w ap jwenn bagay say o:

- Yon glosè ki tradui nan plizyè lang
- Yon seri kat ki gen kesyon ak repons

<p>valè absoli</p> <p>Se distans ki genyen ant yon nonb epi 0 sou yon menm liy. Yo ekri valè absoli yon nonb a konsa a.</p> $ -5 = 5$ $ 5 = 5$	<p>ang egi</p> <p>Yon ang ki mezire pi piti pase 90°.</p> 
<p>pwopriyete egalite adisyon</p> <p>Lè w ajoute yon menm nonb nan chak kote yon ekwasyon sa pwodui yon ekwasyon ekivalan.</p> $x - 5 = -1$ $\begin{array}{r} + 5 \\ x - 5 = -1 \\ \hline x = 4 \end{array}$	<p>aditif envès</p> <p>Opoze yon nonb.</p> <p>Aditif envès 8 se -8.</p>
<p>pwopriyete aditif envès</p> <p>Sòm yon nonb antye ak aditif envès li se 0.</p> $8 + (-8) = 0$	<p>ang</p> <p>Yon figi ki fòm ak de reyon ki fini menm kote.</p> 

ang wotasyon

Kantite degree yon figi wote.




ΔRST te wote 180° e li vin $\Delta R'S'T'$

sifas

kantite plas yon figi kouvri.


Yo mezire sifas an inite kare tankou pye kare (ft^2)
oubyen mètr kare (m^2).



$$A = 5 \times 3 = 15 \text{ inite kare}$$

graf ba

Yon graf kote longè ba yo sèvi pou reprezante e konpare done.

**kapasite**

Valè yon veso ka kenbe.


sant wotasyon

Yon pwen fiks kote yon figi wote.


Gade wotasyon.

graf sèk

Prezante seksyon ki gen done yon sèk. Sèk la reprezante tout done yo. Chak seksyon reprezante yon pati nan done yo. Total mezi ang yo nan yon graf sèk se 360° .

**sikonferans**

distans toutotou yon sèk.

**nonb konpoze**

yon nonb antye ki plis pase 1 ki gen faktè ki diferan de li menm e 1.


12 se yon nonb konpoze paske faktè 12 yo se 1, 2, 3, 4, 6, e 12.

solid konpoze


Yon figi ki fèt ak plis pase yon solid.

**kòn**

Yon solid ki genyen yon baz sikilè e yon vètèks.

**kongriyan**

Ki gen menm gwosè e menm fòm.




$\angle A$ kongriyan a $\angle F$.

Kote AB kongriyan a kote FG .

kongriyan (figi)

Ki gen egzakteman menm gwosè e menm fòm.


**tèm konstan**

Yon tèm ki gen yon nonb men ki pa gen varyab.

Nan ekspresyon $2x + 8$, tèm 8 se yon tèm konstan.



plan koòdone

Yon plan koòdone fòme ak entèseksyon yon yon liy nimewote orizontal, dabitid yo rele li aks- x , e yon liy nimewote vètikal, dabitid yo rele aks- y .

**ang korespondan**

Konpare ansanm ang de figi ki sanble.

$$\triangle ABC \sim \triangle DEF$$





Ang korespondan:

$$\begin{aligned} \angle A &\text{ ak } \angle D \\ \angle B &\text{ ak } \angle E \\ \angle C &\text{ ak } \angle F \end{aligned}$$





kote korespondan



Konpare ansanm kote de figi ki sanble.

$$\triangle ABC \sim \triangle DEF$$



Kote korespondan: kote AB ak kote DE
kote BC ak kote EF
kote AC ak kote DF


<p>pwodui kwaze</p> <p>Nan pwopòsyon $\frac{a}{b} = \frac{c}{d}$, kote $b \neq 0$ e $d \neq 0$, pwodui $a \cdot d$ ak $b \cdot c$ rele pwodui kwaze.</p>  <p>$2 \cdot 6 = 3 \cdot 4$</p>	<p>pwopriyete pwodui kwaze</p> <p>Pwodui kwaze yon pwopòsyon egal.</p>  <p>$2 \cdot 6 = 3 \cdot 4$</p>
<p>kib</p> <p>Yon pris rektangilè ak 6 fas kare kongriyan.</p> 	<p>okib</p> <p>Yon nonb elve okib se yon nonb elve otwazyèm degre oubyen pisans twa.</p> <p>2 okib vle di 2^3, oubyen 8.</p>
<p>silenn</p> <p>Yon fòm solid ki gen de baz sikilè kongriyan, paralèl.</p> 	<p>desimal</p> <p>Yon nonb ki ekri nan yon sistèm kote valè chif yo rete nan baz dis. Chak valè chif vo di fwa plis valè chif ki adwat li.</p> <p>Desimal 2.15 reprezante 2 inite plis 1 dizyèm plis 5 santayèm, oubyen de e kenz santayèm.</p>
<p>degre</p> <p>Yon inite yo itilize pou mezire ang.</p> <p>$90^\circ, 45^\circ, 32^\circ$</p>	<p>denominatè</p> <p>Nonb ki anba ba fraksyon an nan yon fraksyon.</p> <p>Nan fraksyon $\frac{2}{5}$, denominatè a se 5.</p>

<p>evènman depanndan</p> <p>De evènman kote lè youn rive sa afekte posibilite pou lòt evènman an rive.</p> <p>Yon sachè gen 3 mab wouj ak 4 mab ble. Ou retire youn mab oaza, pa ranplase li, epi ou retire youn lòt mab oaza. Evènman kote “premye mab la ble” ak “dezyèm mab la wouj” se evènman depanndan yo ye.</p>	<p>dyamèt (yon sèk)</p> <p>Distans atravè youn sèk epi ki pase nan sant li.</p> <p><i>Gade sikonferans.</i></p>
<p>diferans</p> <p>Rezilta lè ou retire youn nonb nan youn lòt nonb.</p> <p>Diferans de 4 e 3 se $4 - 3$, oubyen 1.</p>	<p>dilatasyon</p> <p>Yon transfòmasyon kote youn figi laji oubyen redui.</p> 
<p>varyasyon dirèk</p> <p>De kantite x e y montre varyasyon dirèk lè $y = kx$, kote k se youn nonb e $k \neq 0$.</p> <p>Graf la se youn liy ki pase nan orijin nan.</p> 	<p>rabè</p> <p>Yon rediksyon nan pri original youn atik.</p> <p>Pri orijinal youn pè soulye se \$95. Pri devannt lan se \$65. Rabè a se \$30.</p>
<p>pwopriyete distribitif</p> <p>Pou multipliyè youn sòm oubyen youn diferans pa youn nonb, multipliyè chak nonb nan sòm nan oubyen nan diferans lan pa nonb ki deyò parantèz yo. Epi evalye.</p> $3(2 + 9) = 3(2) + 3(9)$ $3(2 - 9) = 3(2) - 3(9)$	<p>pwopriyete divizyon egalite</p> <p>Lè w divize chak kote youn ekwasyon pa menm nonb ou pwodui youn ekwasyon ekivalan.</p> $-3y = 18$ $\frac{-3y}{-3} = \frac{18}{-3}$ $y = -6$

<p>ekwasyon</p> <p>Yon fraz matematik ki sèvi ak yon siy egal, =, pou montre de ekspresyon egal.</p> $4x = 16, a + 7 = 21$	<p>ekwasyon ekivalan</p> <p>Ekwasyon ki gen menm solisyon.</p> $2x - 8 = 0 \text{ e } 2x = 8$
<p>estime</p> <p>Jwenn yon solisyon apwoksimatif pou yon pwoblèm.</p> <p>Ou kapab estime sòm $98 + 53$ tankou $100 + 50$, oubyen 150.</p>	<p>evalye (yon ekspresyon aljebrik)</p> <p>Mete yon nonb nan plas chak varyab nan yon ekspresyon aljebrik. Epi sèvi ak lòd operasyon yo pou jwenn valè ekspresyon nimerik la.</p> $\begin{aligned} \text{Evalye } 3x + 5 \text{ lè } x = 6. \\ 3x + 5 &= 3(6) + 5 \\ &= 18 + 5 \\ &= 23 \end{aligned}$
<p>evènman</p> <p>Koleksyon youn ou plizyè rezilta favorab yon eksperimantasyon.</p> <p>Tire osò yon pyès monnen.</p>	<p>eksperimantasyon</p> <p>Yon aktivite ak rezilta varye.</p> <p>Woule yon kib nimerik.</p>
<p>pwobabilite eksperimental</p> <p>Pwobabilite ki baze sou plizyè eseyaj yon eksperimantasyon.</p> $P(\text{evènman}) = \frac{\text{Valè fwa evènman an rive}}{\text{nonb total esevai}}$ <p>Yon jwè baskètbòl fè 19 panye nan 28 eseyaj. Pwobabilite eks perimantal pou jwè a fè yon panye se $\frac{19}{28} = 68\%$.</p>	<p>ekspresyon</p> <p>Yon fraz matematik ki gen nonb, operasyon, ak/oubyen varyab.</p> $\begin{aligned} 12 + 6, 18 + 3 \times 4 \\ 8 + x, 6 \times a - b \end{aligned}$

fas yon fòm solid

Polygon ki fòm yon figi solid.

**faktè**

Lè nonb antye ki diferan de zero multipliyè ansanm, chak nonb se yon faktè pwodui a.


$$2 \times 3 \times 4 = 24, \text{ donk } 2, 3, \text{ e } 4 \text{ se faktè } 24.$$

ekperimantasyon rezonab

Yon ekperimantasyon kote tout rezilta posib yo gen menm valè chans pou yo rive.



Woulèt la gen menm valè chans pou li tonbe sou 1 oubyen 2. Woulèt la jis.



Woulèt la gen plis chans pou li tonbe sou 1 pase 2 oubyen 3. Woulèt la *pa* jis.

rezilta favorab

Yon rezilta ki koresponn a yon evènman espesifye.

Lè w ap woule yon kib nimerik, rezilta favorab a evènman an “woule yon nonb pè” se 2, 4, e 6.

fraksyon

Yon nonb ki sou fòm $\frac{a}{b}$, kote $b \neq 0$.

$$\frac{1}{2}, \frac{5}{9}$$

tablo frekans

Yon tablo yo itilize pou konte konbye fwa valè yon done parèt nan kèk entèval.

Pè Soulye	Frekans
1–5	11
6–10	4
11–15	0
16–20	3
21–25	6

friz

Yon bann orizontal ki kouri sou tèt yon edifis. Yo souvan dekore yon friz ak yon desen ki repete.


**fonksyon**

Yon relasyon ki mete dezade chak antre avèk egzaktman yon Sòti.

Pè òdone (0, 1), (1, 2), (2, 4), e (3, 6) reprezante yon fonksyon.

Pè Òdone

(0, 1)
(1, 2)
(2, 4)
(3, 6)

Antre Sòti


pi gran faktè komen (PFK)

Sa ki pi gran nan faktè komen yo pami de nonb entye ki pa zero.

Faktè komen 12 ak 20 se 1, 2, e 4. Donk PFK 12 ak 20 se 4.

istogram

Yon graf ba ki montre frekans valè kèk done nan yon menm entèval. Wotè yon ba reprezante frekans valè yo nan entèval la. Pa gen espas nan mitan ba yo.

**imaj**

Nouvo figi ki fòme pa mwayen transfòmasyon.

Gade translasyon, refleksyon, e wotasyon.

ekspresyon fraksyonè

Yon fraksyon kote nimeratè a pi gran pase oubyen egal a denominatè a.

$$\frac{5}{4}, \frac{9}{9}$$


evènman edepandan

De evènman ki rive kote lè youn rive sa pa vle di lòt evènman an pa pral gen pou li rive.

Ou lanse yon pyès monnen anlè e ou woule yon kib nimerik. Evènman “tonbe sou palmis” e “woule sou nimewo 4” yo se evènman endepandan.

mezi endirèk

Lè w sèvi ak figi sanblab pou jwenn yon mezi ki manke ki difisil pou jwenn dirèkteman.



$$\begin{aligned} \frac{x}{10} &= \frac{5}{4} \\ 10 \cdot \frac{x}{10} &= 10 \cdot \frac{5}{4} \\ x &= 12.5 \end{aligned}$$

Wotè pyebwa a se 12.5 pye.

antre

Se sou nonb sa a yon fonksyon opere.

Gade fonksyon.

nonb antye relatif

Yon seri nonb antye ansanm ak opoze yo.

$$\dots -3, -2, -1, 0, 1, 2, 3, \dots$$

enterè

Lajan ou peye oubyen ou genyen lè w sèvi ak lajan.

Gade enterè senp.

operasyon envès


Operasyon ki “defèt” youn lòt, tankou adisyon ak soustraksyon oubyen multiplikasyon ak divizyon.

varyasyon envès


De kantite x ak y montre varyasyon envès lè

$$y = \frac{k}{x}, \text{ kote } k \text{ se yon nonb e } k \neq 0.$$


Graf la pa yon liy.

**yriyang izosèl**

Yon triyang ki gen omwen de kote kongriyan.

**kan lateral yon pris**


Segman ki konekte pwent ki koresponn youn ak lòt nan baz yon pris.

**fas lateral**

Nenpòt fas oubyen sifas ki pa yon baz.

**sifas lateral yon espas**

espas sifas yon figi san espas baz li pa ladan.







$$\begin{aligned} \text{Sifas lateral espas la} &= 2(4)(3) + 2(5)(3) \\ &= 24 + 30 = 54 \text{ cm}^2 \end{aligned}$$






fèy




Yon chif oubyen plizyè chif nan yon dyagram tij ak fèy.


Gade dyagram tij-ak-fèy.




<p>pi piti denominatè komen (PDK) Pi piti miltip komen denominatè de fraksyon ou plis.</p> <p>Pi piti denominate komen $\frac{3}{4}$ ak $\frac{5}{6}$ se pi piti miltip komen 4 ak 6, oubyen 12.</p>	<p>pi piti miltip komen (PMK) Sa ki pi piti nan miltip komen de oubyen plis nonb antye ki pa zero.</p> <p>Miltip de 10: 10, 20, 30, 40, ... Miltip de 15: 15, 30, 45, 60, ...</p> <p>Pi piti miltip komen 10 ak 15 se 30.</p>
<p>tèm sanblab tèm ki gen pati varyab idantik.</p> <p>4 ak 8, $2x$ ak $7x$</p>	<p>liy Yon ansanm pwen ki ale san rete nan de direksyon opoze.</p> 
<p>graf liy Yon kalite graf kote pwen ki reprezante pè done yo konekte ak liy segman.</p> 	<p>liy refleksyon Yon liy yon figi travèse pou li ka kreye yon miwa imaj figi orijinal la.</p> <p><i>Gade refleksyon.</i></p>
<p>segman yon liy Pati yon liy ki genyen de pwen, ki rele pwen final, e tout pwen sou liy la nan mitan pwen final yo.</p> 	<p>fonksyon lineyè Yon fonksyon ki gen yon liy kòm graf.</p> <p>$y = x - 1$</p> 

<p>majorasyon</p> <p>Yon ogmantasyon soti nan pri yon bagay te koute anvan pou rive nan pri li koute lè y ap vann ni.</p> <p>Yon magazen achte yon chapo pou \$12 e li vann li pou \$20. majorasyon an se \$8.</p>	<p>mwayèn</p> <p>Sòm valè yon ansanm done divize pa kantite valè done yo.</p> <p>Mwayèn valè 7, 4, 8, ak 9 se</p> $\frac{7 + 4 + 8 + 9}{4} = \frac{28}{4} = 7.$
<p>medyàn</p> <p>Pou yon ansanm done ki gen yon nonb valè òdone enpè, medyàn nan se valè done ki nan mitan an. Pou yon ansanm done ki gen yon nonb valè òdone pè, medyàn nan se mwayèn de valè nan mitan yo.</p> <p>Medyàn ansanm done 24, 25, 29, 33, 38 se 29 paske 29 se valè ki nan mitan an.</p>	<p>system metrik</p> <p>Yon sistèm mezi desimal, baze sou pisans 10, ki gen inite pou longè, kapasite, ak mas.</p> <p>santimèt, mè, lit, kilogram</p>
<p>nonb fraksyonè</p> <p>Yon nonb ki gen yon pati antyè e yon pati fraksyon.</p> $3\frac{1}{2}, 6\frac{2}{3}$	<p>mòd</p> <p>Yon valè oubyen plizyè valè done, ou jwenn pi souvan. Done kapab genyen yon mòd, plis pase yon mòd, oubyen pa gen mòd ditou.</p> <p>Mòd ansanm done 3, 4, 4, 7, 7, 9, 12 se 4 ak 7 paske yo parèt pi souvan.</p>
<p>pwopriyete egalite Miltiplikasyon</p> <p>Lè w miltipliye chak kote yon ekwasyon pa yon menm nonb sa pwodui yon ekwasyon ekivalan.</p> $\frac{x}{3} = -6$ $3 \cdot \frac{x}{3} = 3 \cdot (-6)$ $x = -18$	<p>nonb negatif</p> <p>Yon nonb ki pi piti pase 0.</p> <p>-0.25, -10, -500</p>

<p>filè Reprezantasyon yon solid nan yon plan de- dimansyon.</p> 	<p>liy nimewote Yon liy ki gen pwen li yo asosye ak nonb k ap monte soti agoch ale adwat.</p> 
<p>nimeratè Nonb ki anlè yon ba fraksyon nan yon fraksyon.</p> <p>Nan fraksyon $\frac{2}{5}$, nimeratè a se 2.</p>	<p>ekspresyon nimerik Yon ekspresyon ki gen sèlman nonb ak operasyon.</p> <p>$12 + 6, 18 + 3 \times 4$</p>
<p>kòn oblik Yon kòn ki <i>pa gen</i> pwent li aliye dirèkteman sou tèt sant baz li.</p> 	<p>silenn oblik Yon silenn ki <i>pa gen</i> yon baz ki aliye dirèkteman sou tèt lòt la.</p> 
<p>ang obti Yon ang ki gen yon mezi ki plis pase 90° e mwens pase 180°.</p> 	<p>Opoze De nonb ki a menm distans de 0, men nan kote opoze.</p> <p>-3 ak 3 se opoze.</p>

<p>pè òdone</p> <p>Yon pè nonb (x, y) yo itilize pou localize yon pwen nan yon plan koòdone. Premye nonb nan se koòdone $-x$, e dezyèm nonb lan se koòdone-y.</p>  <p>Koòdone-x pwen $(-2, 1)$ se -2, e koòdone-y la se 1.</p>	<p>orijin</p> <p>Pwen, ki reprezante pa pè òdone $(0, 0)$, kote aks-x la ak aks-y la rankontre nan yon plan koòdone.</p> <p><i>Gade plan koòdone.</i></p>
<p>rezilta</p> <p>Yon rezilta posib nan yon eksperimentasyon.</p> <p>Rezilta ou jwenn lè w voye yon pyès lajan anlè se tonton oubyen palmis.</p>	<p>devyan ekstrèm</p> <p>Yon done ki nètman pi gran oubyen pi piti pase lòt valè yo.</p> <p>Nan ansanm done 23, 42, 33, 117, 36, e 40, devyan ekstrèm nan se 117.</p>
<p>Sòti</p> <p>Yon nonb ou jwenn lè w sèvi ak yon antre pou w evalye yon fonksyon.</p> <p><i>Gade fonksyon.</i></p>	<p>paralèl (liy)</p> <p>De liy ki pa ka rankontre nan yon menm plan.</p> 
<p>paralelogram</p> <p>Yon kwadrilatè ki gen de pè kote paralèl.</p> 	<p>pousantaj</p> <p>Yon to ki gen 100 pou denominate. Senbòl pousantaj la se %.</p> $40\% = \frac{40}{100} = 0.4$

<p>ekwasyon pousantaj</p> <p>Pou reprezante “a se ki pousantaj w,” sèvi ak ekwasyon $a = p \cdot w$.</p> <div style="text-align: center;"> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px; width: fit-content; margin: 0 auto;">Pousantaj an fraksyon oubyen fòm desimal</div> <div style="margin: 5px 0;">↓</div> $a = p \cdot w$ <div style="display: flex; justify-content: space-around; width: 100%;"> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px;">Pati antye a</div> <div style="margin: 0 10px;">↑</div> <div style="margin: 0 10px;">p</div> <div style="margin: 0 10px;">↑</div> <div style="border: 1px solid black; padding: 2px;">antye</div> </div> $15 = 0.5 \cdot 30$ </div>	<p>pousantaj chanjman</p> <p>Pousantaj yon kantite chanje soti nan montan orijinal la.</p> <p style="text-align: center;">Pousantaj chanjman = $\frac{\text{montan chanjman}}{\text{montan orijinal}}$</p> <p>Pousantaj chanjman de 20 a 25 se:</p> $\frac{25 - 20}{20} = \frac{5}{20} = 25\%$
<p>pousantaj dekwasans</p> <p>Pousantaj chanjman lè yon montan orijinal redui.</p> <p>pousantaj dekwasans</p> <p>= $\frac{\text{montan orijinal} - \text{nouvo montan}}{\text{montan orijinal}}$</p> <p>Pri yon chemiz desann de \$20 a \$10.</p> <p>Pousantaj dekwasans lan se $\frac{20 - 10}{20}$, oubyen 50%</p>	<p>pousantaj ogmantasyon</p> <p>Pousantaj chanjman lè montan orijinal la ogmante.</p> <p>Pousantaj ogmantasyon</p> <p>= $\frac{\text{nouvo montan} - \text{montan orijinal}}{\text{montan orijinal}}$</p> <p>Pri yon chemiz ogmante de \$20 a \$30.</p> <p>Pousantaj ogmantasyon an se $\frac{30 - 20}{20}$, oubyen 50%</p>
<p>perimèt</p> <p>Distans toutotou yon figi. Perimèt mezire an inite lineyè tankou pye (ft) oubyen mètr (m).</p> <div style="text-align: center;">  </div> <p style="text-align: center;">Perimèt = $18 + 6 + 18 + 6 = 48$ ft</p>	<p>pi (π)</p> <p>Se rapò sikonferans yon sèk a dyamèt li.</p> <p>Ou ka itilize 3.14 oubyen $\frac{22}{7}$ pou fè apwoksimasyon π.</p>
<p>valè chif</p> <p>Valè chif chak chif nan yon nonb depann de pozisyon li nan nonb lan.</p> <p>Nan 521, 5 nan plas santèn e valè li se 500.</p>	<p>pwen</p> <p>Yon pozisyon nan lespas ki reprezante pa yon ti wonn.</p>

<p>poligòn Yon plan fèmèn ki fèt ak twa liy ou plis ki entèsèkte sèlman nan pwen final yo.</p> 	<p>polyèd Yon figi twa-dimansyon ki gen fas poligòn sèlman.</p> 
<p>popilasyon Tout yon gwoup moun oubyen objè.</p> <p>Tout etidyan nan yon lekòl se yon popilasyon. Tout etidyan nan yon klas se yon echantiyon popilasyon an.</p>	<p>nonb pozitif Yon nonb ki plis pase 0.</p> <p>0.5, 2, 100</p>
<p>pisans Yon pwodui ki fòmè ak repetisyon multiplikasyon pa menm nonb oubyen ekspresyon. Yon pisans fòmè ak yon baz e yon ekpozan.</p> $2^4 = 2 \cdot 2 \cdot 2 \cdot 2 = 16$	<p>prensipal Yon kantite lajan prete oubyen depoze.</p> <p><i>Gade enterè senp.</i></p>
<p>pris Yon polyèd ki gen de baz paralèl, kongriyan. Lòt fas yo se paralelogram.</p> 	<p>pwobabilite Yon nonb de 0 a 1 ki mezire posibilite pou yon evènman rive.</p> <p><i>Gade pwobabilite eksperimantal e pwobabilite teyorik.</i></p>

pwodui

Rezilta ou jwenn lè w miltipliye de nonb oubyen plis.
Pwodui 4 ak 3 se 4×3 , oubyen 12.

pwopòsyon

Yon ekwasyon ki deklare de rapò ekivalan.

$$\frac{3}{4} = \frac{12}{16}$$


pwopòsyonèl

De kantite ki fòme yon pwopòsyon pwopòsyonèl yo menm.

Paske $\frac{3}{4}$ ak $\frac{12}{16}$ fòme yon pwopòsyon,
 $\frac{3}{4}$ ak $\frac{12}{16}$ pwopòsyonèl.


rapòte

Yon esntriman yo sèvi pou mezire ang.



piramid

Yon polyèd ki gen yon baz. Lòt fas yo se triyang.




kadran

Kat rejyon entèseksyon aks-x ak aks-y kreye nan yon plan koòdone.
Gade plan koòdone.

kwadrilatè


Yon poligòn ki gen kat kote.



kosyan

Rezilta yon divizyon.

Kosyan 10 ak 5 se $10 \div 5$, oubyen 2.


<p>reyon (yon sèk)</p> <p>Distans soti nan sant yon sèk a nenpòt pwen sou sèk la.</p> <p><i>Gade sikonferans.</i></p>	<p>echantiyon oaza</p> <p>Yon echantiyon kote chak manm yo gen menm chans pou yo chwazi yo.</p> <p>Pou popilasyon nan yon lekòl, yon echantiyon oaza ta kapab chak 10èm etidyan ki rive nan lekòl la nan maten.</p>
<p>entèval (yon ansanm done)</p> <p>Diferans ant pi gran valè ak pi piti valè yon ansanm done. Entèval la dekri kijan done yo epapiye.</p> <p>Entèval ansanm done 12, 16, 18, 22, 27, 35 se $35 - 12 = 23$.</p>	<p>vitès</p> <p>Yon rapò de kantite avèk inite diferan.</p> <p>Ou li 3 liv chak 2 semèn.</p>
<p>rapò</p> <p>Yon konparezon de kantite pa mwayen yon divizyon.</p> <p>Rapò a sou b (kote $b \neq 0$) kapab ekri kòm a sou b, $a : b$, oubyen $\frac{a}{b}$.</p> <p>4 sou 1, $4 : 1$, oubyen $\frac{4}{1}$</p>	<p>nonb rasyonèl</p> <p>Yon nonb yo kapab ekri kòm rapò de nonb antye relatif, $\frac{a}{b}$, kote a ak b se nonb antye relatif e $b \neq 0$.</p> $3 = \frac{3}{1}, \quad -\frac{2}{5} = \frac{-2}{5}$ $0.25 = \frac{1}{4}, \quad 1\frac{1}{3} = \frac{4}{3}$
<p>reyon</p> <p>Pati yon liy ki gen yon pwen final epi etann san fen nan yon direksyon.</p> 	<p>resipwòk</p> <p>De nonb ki gen 1 kòm pwodui.</p> <p>Paske $\frac{4}{5} \times \frac{5}{4} = 1$, $\frac{4}{5}$ ak $\frac{5}{4}$ se resipwòk.</p>

rektang

Yon paralelogram ki gen kat ang.

**refleksyon**


Yon transfòmasyon kote yon figi vire tounen sou yon liy ki rele liy refleksyon. Yon refleksyon kreye yon miwa imaj figi orijinal la.




$K'L'M'N'$ se yon refleksyon $KLMN$ sou aks-y.

poligòn regilye

Yon polygon ki gen kote kongriyan e ang kongriyan.

**piramid regilye**

Yon piramid ki gen yon baz ki se yon poligòn regilye.

**rès**

Si yon divizè pa divize yon dividann yon fason egal, rès la se nonb antye ki rete apre divizyon an.

$$\begin{array}{r} 4 \text{ R2 The remainder is 2.} \\ 7 \overline{)30} \\ \underline{28} \\ 2 \end{array}$$

desimal repete


Yon desimal ki gen yon modèl ki repete.

$$0.555\dots = 0.\overline{5}$$


$$1.727272\dots = 1.\overline{72}$$



lozanj

Yon paralelogram ki gen kat kote ki gen menm longè.

**ang dwat**

Yon ang ki mezire 90° .



<p>elevasyon Chanjman nan y ant de pwen sou yon liy.</p> <p><i>Gade pant.</i></p>	<p>wotasyon Yon transfòmasyon kote yon figi tounen toutotou yon pwen ki rele sant wotasyon.</p>  <p>$\triangle RST$ te wote bò zòn orijin O an $\triangle R'S'T'$.</p>
<p>simetri wotasyonèl Yon figi gen simetri wotasyonèl si yon vire 180° oubyen mwens pwodui yon imaj ki chita sou li egzaktman.</p>  <p>Figi a gen yon simetri wotasyonèl 60°.</p>	<p>awondi Fè apwoksimasyon yon nonb a yon valè nimerik espesifik.</p> <p>132 awondi a dizyèm ki pi pre a se 130.</p>
<p>varyasyon Chanjman nan x ant de pwen sou yon liy.</p> <p><i>Gade pant.</i></p>	<p>taks sou lavant Yon kantite lajan adisyonèl gouvènman an chaje sou atik pou l ka antre lajan.</p> <p>Yon taks lavant 6% sou yon atik ki vann \$20 se $\\$20 \times 0.06 = \\1.20.</p>
<p>echantiyon Pati yon popilasyon.</p> <p><i>Gade popilasyon.</i></p>	<p>echèl Yon rapò ki konpare mezi yon desen oubyen yon modèl a mezi reyèl la.</p> <p>12 cm : 1 cm 2 pous. : 15 ft</p>

desen sou echèl
 Yon desen pwopòsyonèl de-dimansyon de yon objè.


Yon plan oubyen yon kat

faktè echèl
 Yon echèl san inite.


Gade rapò.

echèl modèl
 Modèl pwopòsyonèl twa-dimansyon yon objè.

figi sanblab
 Figi ki gen menm fòm men pa nesèsèman menm gwosè.
 De figi sanblab si longè kote korespondan yo pwopòsyonèl, e ang korespondan yo gen menm mezi.



solid sanblab
 Solid menm tip ki gen mezi lineyè ki koresponn.



enterè senp
 Lajan peye oubyen genyen sèlman sou prensipal la.

$$I = Prt$$


Enterè Senp → $I = Prt$ → To enterè anyèl (sou fòm desimal)
 prensipal → $I = Prt$ ← Tan (an ane)

Ou mete \$200 nan yo kont. Kont la fè 5% enterè senp pa ane. Enterè ou genyen apre 3 an se $\$200 \times 0.05 \times 3$, oubyen \$30. Balans kont lan se $\$200 + \$30 = \$230$ apre 3 ane.

fòm fraksyon ki pi senp
 Yon fraksyon nan fòm ki pi senp li si nimeratè li ak denominatè li gen yon pi gran faktè komen pase 1 (PGFK).


Fòm ki pi senp fraksyon $\frac{10}{15}$ se $\frac{2}{3}$.

wotè enklizezon (yon kòn)
 Distans soti nan pwent yon kòn rive nan nenpòt pwen sou kan baz li.



wotè enklinezon (yon piramid)

Wotè chak fas triyangilè yon piramid.




pant

Yon rapò chanjman nan y (elevasyon an) sou chanjman nan x (varyasyon an) ant de pwen sou yon liy.

Se mezi redè yon liy.

$$\text{Pant} = \frac{\text{Chanjman nan } y}{\text{Chanjman nan } x} = \frac{\text{elevasyon}}{\text{aryasyon}}$$




fòm pou entèsept-pant

Yon fonksyon lineyè ekri sou fòm $y = mx + b$.

Pant liy la se m e entèsèp-y liy nan se b .

Pant lan se 1 e entèsèp-y la se 2.



solid

Yon figi twa-dimansyon.

Gade figi twa-dimansyon.


solisyon (yon ekwasyon)

Yon valè ki fè ekwasyon an vre.

6 se solisyon ekwasyon $x - 4 = 2$.

kare

Yon paralelogram ki gen kat ang dwa e kat kote tout menm longè.



elve okare




Yon nonb elve okare se yon nonb elve nan pisans de.

5 okare vle di 5^2 , oubyen 25.

Tij


Yon chif oubyen plizyè chif agoch nan yon dyagram tij ak fèy.

Gade dyagram tij-ak-fèy.

<p>dyagram tij-ak-fèy</p> <p>Yon tip prezantasyon rezilta egzamen done ki sèvi ak chif dapre valè yo nan done pou òganize yon ansanm done. Chak valè yon done divize an yon tij (chif la oubyen chif yo ki sou goch)¹⁰ e yon fèy (chif la oubyen chif yo ki sou bò dwat).</p> <table style="margin-left: 20px;"> <thead> <tr> <th style="border-right: 1px solid black; border-bottom: 1px solid black;">tij</th> <th style="border-bottom: 1px solid black;">fèy</th> </tr> </thead> <tbody> <tr> <td style="border-right: 1px solid black;">6</td> <td>6</td> </tr> <tr> <td style="border-right: 1px solid black;">7</td> <td>2 7</td> </tr> <tr> <td style="border-right: 1px solid black;">8</td> <td>1 1 3 4 4 6 8 8</td> </tr> <tr> <td style="border-right: 1px solid black;">9</td> <td>0 0 0 2 7 8</td> </tr> <tr> <td style="border-right: 1px solid black;">10</td> <td>0</td> </tr> </tbody> </table> <p style="text-align: right; margin-right: 20px;">kle: 9 4 = 94 pw en</p>	tij	fèy	6	6	7	2 7	8	1 1 3 4 4 6 8 8	9	0 0 0 2 7 8	10	0	<p>ang pla</p> <p>Yon ang ki mezire 180°.</p> <div style="text-align: center; margin-top: 20px;">  </div>
tij	fèy												
6	6												
7	2 7												
8	1 1 3 4 4 6 8 8												
9	0 0 0 2 7 8												
10	0												
<p>pwopriyete egalite soustraksyon</p> <p>Retire menm nonb nan chak kote yon ekwasyon pwodui yon ekwasyo ekivalan.</p> $ \begin{array}{r} w + 5 = 25 \\ -5 \quad -5 \\ \hline x = 20 \end{array} $	<p>sòm</p> <p>Rezilta lè w ajoute de nonb ou plis.</p> <p>Sòm 4 ak 3 se $4 + 3$, oubyen 7.</p>												
<p>sipèfisi (yon pris)</p> <p>Sòm sifas tout fas yon pris.</p> $ \begin{aligned} S &= 2lw + 2lh + 2wh \\ &= 2(3)(5) + 2(3)(6) + 2(5)(6) \\ &= 30 + 36 + 60 \\ &= 126 \text{ in.} \end{aligned} $ <div style="margin-top: 10px;">  </div>	<p>sipèfisi yon polyèd</p> <p>sòm sifas tout fas yon polyèd.</p> <div style="text-align: center; margin-top: 10px;">  </div> $ \begin{aligned} \text{Surface area} &= 2(8)(12) + 2(8)(6) + 2(12)(6) \\ &= 432 \text{ cm}^2 \end{aligned} $												
<p>desimal tèminal</p> <p>Yon desimal ki mete fen.</p> <p style="text-align: center; margin-top: 20px;">1.5, 2.58, -5.605</p>	<p>tèm</p> <p>Pati yon ekspresyon yo ajoute ansanm.</p> <p>Tèm $4x + 7$ se $4x$ ak 7.</p>												

mozayik

Yon modèl repetitif figi plan kongriyan ki kouvri konplètman yon plan san pa gen tou ni yonn monte sou lòt.

**pwobabilite teyorik**


Rapò kantite rezilta favorab sou kantite rezilta posib lè tout rezilta posib yo egal parèyman.

$$P(\text{event}) = \frac{\text{number of favorable outcomes}}{\text{number of possible outcomes}}$$

Lè w woule yon kib nimerik, pwobabilite teyorik pou woule yon 4 se $\frac{1}{6}$.

figi twa-dimansyon

Yon figi ki gen longè, lajè, ak pwofondè, yo rele yo tou solid.

**transfòmasyon**

Chanje yon figi an yon lòt figi.

Gade translasyon, refleksyon, ak wotasyon.

translasyon

Yon transfòmasyon kote yon figi glise men li pa tounen. Chak pwen figi a deplase menm distans e nan menm direksyon.


**trapèz**

Yon kwadrilatè ki gen egzaktman de kote paralèl.


**dyagram branch**




Yon dyagram a branch ki montre tout rezilta posib nan yon eksperimantasyon pwobabilite.

Tout rezilta posib lè w voye anlè yon pyès monnen twa fwa.

**triyang**

Yon poligòn ki genyen twa kote.



<p>figi de-dimansyon Yon figi ki gen sèlman longè ak lajè.</p> 	<p>sistèm yo sèvi Ozetazini Sistèm mezi ki gen inite longè, kapasite, ak pwa.</p> <p>pous, pye, lit, galon, ons, liv</p>
<p>to inite Yon to ak denominate 1.</p> <p>Limit vitès se 65 mil alè.</p>	<p>varyab Yon senbòl, dabitid yon lèt, ki reprezante nimewo youn oubyen plis.</p> <p>x se yon varyab $2x + 1$.</p>
<p>tèm varyab Yon tèm ki gen yon varyab.</p> <p>nan ekspresyon $2x + 8$, tèm $2x$ se yon tèm varyab</p>	<p>vètèks yon poligòn Yon pwent kote de kote yon poligòn rankontre. Pliryèl vertex se vertices.</p> <p><i>Gade poligòn.</i></p>
<p>vètèks yon solid Yon pwent kote de kan yon solid rankontre. Pliryèl vertex se vertices.</p> 	<p>volim Mezi kantite espas yon figi twa-dimansyon okipe. Yo mezire volim an inite kibik tankou pye kib, mèt kib (m^3).</p>  <p>Volume = $12 \cdot 3 \cdot 4 = 144 \text{ ft}^3$</p>

<p>nonb antye Nonb 0, 1, 2, 3, 4, ...</p>	<p>aks-x Liy nimewote orizontal nan yon plan koòdone.</p> <p><i>Gade plan koòdone</i></p>
<p>koòdone-x Premye koòdone nan yon pè òdone, ki endike konbyen inite pou deplase agoch oubyen adwat.</p> <p>Nan pè òdone (3, 5), koòdone-x la se 3.</p>	<p>aks-y Liy nimewote vètikal nan yon plan koòdone.</p> <p><i>Gade plan koòdone.</i></p>
<p>koòdone-y Dezyèm koòdone nan yon pè òdone, ki endike konbyen inite pou w monte oubyen pou w desan.</p> <p>Nan pè òdone (3, 5), koòdone-y se 5.</p>	<p>entèsèp-y Koòdone-y pwen kote yon liy kwaze aks-y.</p> <p><i>Gade fòm pant-entèsèp.</i></p>